



REPRIEVE

BILTEN REPRIEVE POU PATISIPAN



Nan non tout REPRIEVE ekip la, nou vle voye yon gwo remèsiman sensè pou patisipasyon w nan REPRIEVE!

REPRIEVE ap fèmen pou n swiv rekòmandasyon Data and Safety Monitoring Board (DSMB), yon gwoup konsiltan endependan pou National Institutes of Health (NIH) ki fè rekòmandasyon sou demaraj, kontinyasyon, modifikasyon ak sispansyon etid la. Desizyon an chita sou diminisyon 35% yo obsève nan evènman kadyak majè, ki gen ladann kriz kadyak ak estwòk, kay patisipan k ap pran pitavastatin an konparezon ak placebo. Yo te obsève tou yon diminisyon 21% nan evènman kadyak majè ki gwooupe ansanm ak ka mòtalite kay sila k ap pran pitavastatin an konparezon ak placebo. Nou dwe note, pa t genyen okenn pwoblèm sekirite sanzatann ki te prezante pami sila k ap pran pitavastatin.



Manm Ekip REPRIEVE nan Reyinyon Anketè REPRIEVE yo pandan CROI 2023.

pa t genyen okenn efè pitavastatin sou tès pou fonksyònman fwa a oswa sou twoub miskilè ki grav. DSMB rekòmande pou etid la kanpe avan lè akoz avantaj yo demonstre nan pran pitavastatin epi pou pataje rezulta pozitif yo. Anketè REPRIEVE yo ap eksploré fason pou fè pitavastatin disponib pou patisipan nan etid yo, an konfòmite ak egzijans règlementè.

Jan w kapab sonje sa, REPRIEVE te kòmanse an 2015 epi te enskri 7769 volontè nan laj 40 jiska 75 lane nan 12 peyi atravè Azi, Èwòp, Amerik Dinò, Amerik Disid, ak Afrik sibsaharyen. REPRIEVE se premye esè klinik sou yon gran echèl k ap teste yon mwayen prevansyon kont maladi kè kay moun k ap viv avèk VIH epi ki prezante yon risk tradisyonèl ki ba jiska modere pou maladi kè.

Kontribisyon w antanke yon patisipan nan REPRIEVE te gen anpil valè. Plizyè dizèn ane rechèch ak pwogrè nan tretman VIH te pèmèt yo redui yon fason drastik konplikasyon ak lanmò ki lye ak SIDA, epi nou konprann pi byen jodi a kijan pou n sipòte sante kè moun k ap viv ak VIH. Sa pa t ap ka rive fèt san ou, patisipan REPRIEVE nou yo! Dekouvèt ki fèt akoz REPRIEVE pral gen avantaj dirab sou moun k ap viv ak VIH nan jenerasyon ou ak jenerasyon k ap vini yo. Nou vrèman rekonesan pou patisipasyon w nan REPRIEVE!

Mèsi nan non Lidèchip REPRIEVE la!

Reyalite REPRIEVE

REPRIEVE se pi gwo etid aleyatwa ki fèt pami moun k ap viv ak VIH.



Avan REPRIEVE, te genyen estrateji limite pou ede fè prevansyon kont evènman kadyak majè kay moun k ap viv ak VIH.

Kisa nou aprann jiskapreza?

- Yon dòz chak jou pitavastatin diminye risk maladi kè kay moun k ap viv ak VIH.
- Pitavastatin san danje epi moun k ap viv ak VIH byen tolere li

Kisa n ap kapab aprann toujou apati done ou te kontribye lè w patisipe a?

- Ki efè pitavastatin genyen sou to kolestewòl ak nivo enflamasyon parapò ak evènman maladi kadyak?
- Èske pran pitavastatin ralanti akimilasyon plak nan atè ki nan kè a apre yon tan?
- Èske pitavastatin gen efè pou redui risk lòt pwoblèm medikal tankou maladi ren, maladi nan fwa, ak kansè?

Sa yo se kèk nan kesyon nou espere reponn baze sou analiz n ap fè nan yon fiti trè pwòch. Tout biblikasyon REPRIEVE yo afiche sou sitwèb nou an, www.reprievetrial.org

Tanpri kontakte sit rechèch lokal ou pou konnen kilè rezulta prensipal yo ak lòt yo ap disponib nan REPRIEVE.

Rankontre lòt REPRIEVE Patisipan!

REPRIEVE pa t ap reyisi san patisipasyon kontinyèl ak angajman patisipan nou yo e nou vrèman rekonesan anvè yo. Byenke gen plizyè milye patisipan REPRIEVE nan 5 kontinan, w ap jwenn anba a eksperyans kèk nan yo.

Janice Jarrells

RUTGERS, NJ

Ki eksperyans ou te fè nan REPRIEVE?

REPRIEVE se youn nan etid ki pi fasil ke mwen patisipe ladan !! Mwen santi m vrèman konfòtab, petèt paske etid la senp epi te genyen yon bon edikasyon alavans. Mwen te asiste yon rankont nan Washington DC nan kòmansman faz rekritman an epi mwen te rankontre ekip REPRIEVE la, sa ki te yon gwo avantaj! Mwen santi m fyè pou m ede moun k ap viv ak VIH konprann sa VIH kapab fè, ak petèt sa li dejà ap fè nan kò a, espesyalman moun k ap konbat avè l depi lontan.



Ki valè esè REPRIEVE la genyen pou ou?

Lè m konnen se pa tout esè ki reyisi, mwen santi REPRIEVE se youn nan siksè yo. Rezon ki fè m di sa se akoz edikasyon alavans lan, diskisyon sou pwotokòl yo, sansibilizasyon kominotè ak yon konsèy konsiltatif kominotè.

Etan w ap tann rezulta final REPRIEVE yo ak piblikasyon fiti yo, kisa w espere sou fason esè a ap enfòme sektè a? *M ap atann mwen aske REPRIEVE pral di nou kijan VIH afekte sante kè nou epi fason nou kapab fè prevansyon oswa amelyore enpak la.*

Dave ak Darcy

VANCOUVER ISLAND, BC

Ki eksperyans ou te fè nan REPRIEVE?

Etid la pa t prenate okenn ensidan selon eksperyans pa nou, nou pa t genyen okenn reyaksyon negatif parapò ak etid la oswa medikaman yo, epi se te yon plezi pou nou pou n te wè regilyèman Dr. Conway (anketè a ki te nan sit etid nou an) ak tout moun ki asosye ak etid la.

Ki valè esè REPRIEVE la genyen pou ou?

Etid la pèmèt nou patisipe nan yon pwosesis rechèch ki itil, epi nan yon sèten fason, li pèmèt nou montre rekonesans nou vizavi lòt moun ki te patisipe nan lòt etid ke nou menm nou te benefise de yo.

Nan ki fason REPRIEVE diferan de lòt esè ou te patisipe ladan yo?

Sèl diferans nou jwenn nan REPRIEVE parapò ak lòt etid nou te patisipe ladan yo se nan dire a, se yon etid ki pi long men pa pi difisil pase lòt yo pou patisipe yon fason aktif ladan l. Nou apresye lefèt ke n ap edenan akizison konesans.

Konsantre sou Rezulta yo

Patisipasyon w nan REPRIEVE te kontribiye nan rechèch sou VIH ak sou maladi kè epi te pèmèt anketè REPRIEVE pibliye rapò apati done w ke yo kolekte lè w rантre a. W ap jwenn anba yon rezime sou yon atik nou te pibliye an 2022:

Jeneralman, evalyasyon risk pou maladi kè fèt an fonksyon prezans oswa absans sèten faktè ris pou maladi kè, tankou nivo kolestewòl ki wo. Men yon lòt fason pou evalye risk la kapab se an fonksyon sante kadyovaskilè gras ak eskò Asosyasyon Amerikèn Kadyoloji (American Heart Association) Life's Simple 7 (LS7) an.

- Nan analiz sa a te gen 735 patisipan REPRIEVE ki genyen an mwayèn laj 51 lane.
- Analiz sa a montre:
 - Moun ki genyen yon movèz sante kadyovaskilè, jan eskò LS7 ki ba a montre li, te gen jiska 20% plis chans pou genyen yon akimilasyon grès nan vesò sangen ki alimante kè a.
 - Yon movèz sante kadyovaskilè te asosye tou ak yon nivo enflamasyon nan pwoteyin sangen ki jiska 25% pi elve.
- Rezulta sa yo bay enfòmasyon itil sou kesyon kritik la pou konnen poukisa moun ki gen VIH yo prezante risk pi elve pou maladi kè. Etid fiti sou LS7 ka ede oryante swen klinik epi redui mòbidite kadyovaskilè ak to mótalite kay moun ki gen VIH.

Tanpri kontakte sit rechèch lokal ou pou konnen kilè rezulta prensipal yo ak lòt yo ap disponib nan REPRIEVE.

LIFE'S SIMPLE 7



N ap di esponnsò nou yo mèsi:

